# FRAZEOLOGIZMLERDIŃ SÓZ SHAQAPLARıNA QATNASı JAĠıNAN TÚRLERI

**Kalmuratova Saxibjamal**

**Annotaciya:** Maqalada dástanlarda qollanılǵan sóz shaqabları menen frazeologiyalıq sóz dizbekleri haqqında sóz boladı. Olardıń dástan tilinde qollanıwı, bir-birinen ayırmashılıqların "Edıge" dastannan alınǵan mıssallar arqalı talqılanadı.

**Gilt sózler**: Frazeologizmler, frazeologiyalıq atlıqlar, kelbetlikler, feyil mánili frazeologizimler, emocional-ekspressivlik, stilistikalıq, semantikalıq boyawlar.

Til biliminde ilimpazlar frazeologiyalıq sóz dizbeklerin leksika-grammatikalıq jaqtan bir neshe toparlarǵa bóledi. Yaǵnıy olardı morfologiyalıq jaqtan qarastırıp sóz shaqaplarına qatnasına qaray ajıratıladı. Frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń anaw ya mınaw sóz shaqabına qatnasın anıqlawda olardıń dáslepki formaları názerden tutılad. Frazeologiyalıq sóz dizbegi jeke sózge ekvivalent bolıp kelse de, semantikalıq jaqtan oǵada quramalı. Grammatikalıq ózgesheligin dara sóz benen salıstırǵanımızda sırttan qaraǵanda birdey bolǵanı menen ózinshelik ózgesheligi bar ekenligi orıs tiliniń frazeologizmleri boyınsha tereń izertlew alıp barǵan F.E.Buslaev, A.A.Shaxmatov, A.Potebnya, V.V.Vinogradovlar atap ótken edi. Sonlıqtan da, frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń grammatikalıq ózgeshelikleri arnawlı túrde izertlewdi talap etedi. Qazaq tilindegi frazeologizmlerdi R.E.Jaysakov grammatikalıq dúzilisi jaǵınan úyrene otırıp, olardı morfologiyalıq tárepten atawısh frazeologizmler, ráwish mánili frazeologizmler, feyil mánili frazeologizmler, úndew mánili frazeologizmler dep bóledi.

Házirgi qaraqalpaq til faktlerine qaraǵanda, frazeologizmler kóbinese atawıshlardan hám feyil sóz shaqaplarınan jasaladı. Usılar esapqa alınıp, qaraqalpaq tilindegi frazeologiyalıq sóz dizbekleri sóz shaqaplarına qatnasına qaray tórt toparǵa bólinip qaraladı.

Feyil frazeologizmler qaraqalpaq tiliniń frazeologiyalıq materiallarınıń ishinde eń úlken bólegin quraydı. Olar atlıq, kelbetlik hám ráwish frazeologizmler menen ulıwmalıq belgileri bolıwı menen birge, mánilik túrleri, stillik qollanılıwı, grammatikalıq ózgeshelikleri menen de ayırılıp turadı. Frazeologiya tariyxındaǵı izertlewler kóbinese feyil mánili frazeologizmlerdiń átirapında boldı. Máselen, ózbek til biliminde Sh.Raxmatullaevtıń feyil mánili frazeologizmler boyınsha miynetin atap ótsek boladı. Ol óziniń kandidatlıq dissertaciyasın ózbek tilindegi feyil frazeologizmlerge arnaydı. Onda avtor feyil mánili frazeologizmlerdiń grammatikalıq ózgesheligin izertleydi Frazeologizmlerdiń bul túri boyınsha qaraqalpaq til biliminde J. Tańirbergenov tárepinen arnawlı túrde izertlendi. Ol óziniń monografiyasında qaraqalpaq tilindegi feyil frazeologizmlerdiń mánilik tárepleri menen bir qatarda, olardıń semantika-stilistikalıq ózgesheliklerin, strukturalıq tiplerin anıqlaydı Feyil mánili frazeologiyalıq sóz dizbekleri túrkiy tillerinde sonıń ishinde qaraqalpaq tilinde eń kóp sandı quraydı. Mısalı: ókshe kóteriw, júregi jarılıw, quwanıshı qoynına sıymaw, tóbesi kókke jetiw h.t

«Edige» dástanı tilinde de feyil frazeologizmler kóp ushırasadı. Feyil frazeologizmler qaharmanlardıń hár qıylı háreketlerin kórkemlep súwretleydi. Mısallar:

1. Isıq kóriner kózine,

Hár Kim elinen ayrılsa,

Qanday arıslan bolsa da,

Jekkelik keler ózine. (Edige, 16-bet)

2. Endigisin óziń bil dep,

3. Jan táslim etti shul zaman. (Edige, 50-bet).
4. Kiymegen tonın kiygen soń kókiregi óser, júregi tasar… (Edige, 50-bet)

5. Óziń bir yash balasań, Janıńdı otqa salasań. (Edige, 59-bet)
6. Toqtamıstıń tobınıń sestin esitip, Satemirdiń Jan iynine ot tústi. (Edige, 80-bet)

Keltirilgen mısallardağı feyil frazeologizmlerdiń ańlatatuğın pútin mánisi emocionallıq – ekspressivlik jaqtan kúshli bolıp kelgen. Bul olardıń semantikalıq tábiyatına tán poetikalıq obrazllıqa baylanıslı qásiyeti.Sonlıqtan da frazeologizmlerdiń bul túri ónimli qollanılğan. Máselen dástanda: “Janın otqa salıw”, “Arqası qozıw”, “Jipsiz baylanıw”, “Tańlayğa aq tambaw”, “Shıbın janı kózine kóriniw”, “Árwağı qozıw ” qusağan frazeologizimler zattı, qubılıstı, teńew, salıstırıw, usatıw hám tağı da basqa belgiler tiykarında dóregen. Sonlıqtan olar poetikalıq obrazı hám júdá anıq sezilip turadı. Tómendegi keltirilgen mısallarda frazologizimler dástan tiliniń kórkemligin payda etiwde úlken xizmet atqarıp tur:

1. Toqtamıstay patshanıń jer kórmedi kózi, qap-qara boldi yúzi. (Edige, 32-bet)

2. Qaranı qara demeydi, begin kózge ilmeydi. (Edige, 33-bet)

3. Siyasattı bastı, xannıń árwağı qashtı, ne qıların bile almay, xan jolınan adastı. (Edige, 152-bet).

4. Jatqanım boqlıq boldı, jutqanım shańğıt boldı, balam dep janı ashıǵan adam kórgenim joq. (Edige, 196-bet)

Feyil mánili frazeologizmler gápte tiykarınan bayanlawısh gáp ağzası xızmetinde keledi. Ayırım jağdaylarda kontekstke qaray feyil mánili xızmetin de atqaradı. Mısallar:

Patsha balağa názer etip qarap edi, balanıń ústinde periniń kiygizgen kóylegin kórdi. (Edige, 12-bet).

Edige alar janıńdı. Tuqım qurt qılıp qırar seni (Edige, 30-bet).

Bes jasına shıqqanda ananı-mınanı kórdi, tiygenge tiyip, tiymegenge kesek atıp, on jasar, on eki jasar balalar kóshege oynap shıqsa, asığın basıp alıp, zorlıq etedi. (Edige, 33-bet).

Patsha balanıń sózin esitip, qorğasın yańlı balqıp, balanıń gápi jeti júyesinen ótip, alpıs eki hámeldarğa qarap tolğay berdi:… (Edige, 39-bet).

Joqarıda keltirilgen mısallarda feyil frazeologizmler is-háreketti ekspressiv-emocionallıq mánisin kúsheytip beriw maqsetinde qollanılıp tur. Dástan tilinde frazeologizmlerdiń bul túri dástannıń kórkemliligin arttırıw ushın qollanadı, nátiyjede qaharmanlardıń is-háreketlerin múmkin bolğanınsha hár tárepleme stillik máni boyawları menen oqıwshığa jetkerip beriwde xızmet etip tur.

Tilde feyil frazeologizmlerdiń ishinde tek bolımsız háreketlerdi bildiriw ushın jumsalatuǵın túrleri de bar.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

*1.* Aynazarova G. Qaraqalpaq tilinde teńles eki komponentli frazeologizmler.

*2.* Aynazarova G. Qaraqalpaq tilinde teńles eki komponentli frazeologizmler. Monografiya. Nókis;«Qaraqalpaqstan»,2020-jıl. - B. 88.

*3.* Tańirbergenov J. Qaraqalpaq tilinde feyil frazeologizmler. Monografiya. – Nókis; «Ilimpaz» baspası, 2021.

*4.* Пирниязова А. Қарақалпақ тили фразеологиялық системасы ҳәм оның стилистикалық имканиятлары. (Монография).- Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы. 2020 ж. – 176 б.

*5.* Yusupova B. Qaraqalpaq tiliniń frazeologiyası. (oqıw qollanba). -Tashkent, «Tafakkur bustoni», 2020. - 268bet.